

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Subang, salasihiji kabupatén anu aya di Jawa Barat, beungkar ku seni tradisi. Kacatet sababaraha seni anu geus kakoncara, di antarana sisingaan anu geus ngamanaganagara, toléat anu gelar tina kréativitas urang Subang, jeung Gembyung anu sumebar di lingkungan pasantén. Anu teu éléh sohorna, nyaéta kawih kiliningan. Sohorna ieu kasenian téh teu leupas tina peran tokoh kapasindénan anu harita kakoncara nepi ka nasional, nyaéta Ibu Titim Fatimah.

Titim Fatimah, salasihiji tokoh anu gedé jasa dina ngahirupkeun dunya kapasindénan. Anjeunna anu ngaronjatkeun ajén sindén utamana dina pagelaran wayang, nepikeun ka bisa ngéléhkeun pamor dalang anu dina jaman harita keur sohor. Ieu gambaran téh kungsi diguar ku Caturwati (2007, kc. 479) anu gambaranana saperti di handap.

Fenomena tersebut dimulai dengan hadirnya *pesinden* Upit Sarimanah dan Titim Fatimah. Penggemar ‘beratnya’ meminta untuk mengubah posisi duduknya yang semula sejajar dengan *dalang*, menjadi lebih tinggi yaitu diatas meja, sehingga tampak oleh penonton menjadi lebih tinggi tidak hanya dari *dalang*, tetapi juga dari jajaran *wayangnya*. Begitu pula honorarium yang diterimanya, berpuluh kali lipat daripada yang diterima oleh dalang.

Dina pedaran di luhur katitén yén éksisténsi Titim Fatimah dina ngaronjatkeun darajat sindén kacida gedéna. Harita digambarkeun ku sohor-sohorna sindén nepikeun ka pamor sindén ngaluhuran wayang jeung dalangna. Nu nongton datang ka pagelaran wayang biasana husus pikeun lalajo sindénna, lain lalajo wayangna. Pidangan wayang golék satuluyna dianggap jadi panyulur sangkan sindén bisa ngahaleuang.

Nalika Titim Fatimah ngahaleuang, sakabéh nu lalajo sieup anu satuluyna dipungkas ku raména émprak nu lalajo. Saking ku sohorna, nu mikagandrung harita nepi ka wani méré sawéran teu ngan saukur ku duit, tapi ogé wani méré mobil jeung imah pikeun idolana. Sohorna Titim Fatimah ngaleuwihan artis jaman harita.

Lian ti jadi sindén dina acara kiliningan jeung wayang golék, Titim Fatimah ogé jadi langganan pangeusi acara di gedung péntas Museum Pusat Jakarta bareng jeung grup Seni Sunda Studio RRI Jakarta. Anjeunna ogé kungsi ilubiung dina film nasional kalayan judul *Si Kembar* taun 1961. Nepikeun waktu harita, Titim Fatimah sering diundang ku Présidén Soekarno pikeun nyindén di Istana Negara. Lian ti éta, anjeunna ogé kungsi sababaraha kali ngahaleuang bareng jeung H. Rhoma Irama ngahaleuangkeun lagu-lagu Sunda. Ku préstasina, tanggal 23 Februari 2003 Présidén Megawati Soekarno Putri méré panghargaan *Satya Lencana Kebudayaan* ngaliwatan Bupati Subang harita, H. Rohimat.

Préstasi onjoy anu jadi udagan tokoh kiliningan harita can kungsi kahontal deui di jaman kiwari. Malah pamor kiliningan beuki nyirorot kadéséh ku jaman jeung gempuran budaya séjén. Beuki lila, karesep masarakat hususna generasi ngora kana kiliningan beuki ngurangan. Katitén ku jarangna dihaleuangkaeun lagu-lagu kiliningan di radio-radio jeung media hiburan masarakat séjénna.

Pikeun ngahudangkeun deui kajayaan kawih kiliningan, pamaréntah ngagelar pasanggiri sindén Sunda “Piala Titim Fatimah” dina taun 2002 jeung 2004. Ngan hanjakal, éta pasanggiri téh can kungsi digelar deui nepi ka taun 2015. Di taun 2016 kungsi diayakeun deui pasanggiri sindén padalangan. Ngan harita ukur dalapan urang nu jadi pamilon. Régenerasi pikeun sindén nu ngora can katémbong, lantaran nu jadi pamilon téh umur 30 taun kaluhur. Ningali kana ieu hal, tangtu kudu aya tarékah séjén anu bisa ngahudang deui karesep masarakat kana kawih-kawih kiliningan.

Ayana parobahan jaman jeung gempuran budaya jaman kiwari teu bisa disingkahan. Kitu deui dina kawih kiliningan, bakal tumpur saupama teu ngalaman

Dimas Patria, 2015

RUMPAKA KAWIH KILININGANGAMELAN KLASIK CICIH CANGKURILEUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

akulturasi budaya. Ayana *akulturasi* budaya saenyana mangrupa hal anu hadé pikeun ngahudang kamotékaran masarakat dina nyiptakeun hal-hal anyar. Kitu deui dina ngembangkeun pintonan kiliningan, masarakat teu sieun pikeun ngahijikeun seni tradisi jeung seni séjénna. Ieu tarékah téh salasahijina pikeun ngamumulé seni tradisional sangkan bisa dipikaresep deui ku masarakat.

Organ tunggal mangrupa salasahiji conto anu kiwari loba dikréasikeun jeung kawih kiliningan. Loba lagu kiliningan anu dikréasikeun jadi lagu organ tunggal. Sababaraha lagu anu geus ngalaman parobahan aransemen di antarana *Bangbung Hideung*, *Éntog Mulang*, *Kembang Gadung*, *Kacang Asin*, jeung réa-réa deui. Sababaraha juru kawih jeung sindén suksés dina medalkeun album, hususna lagu pop Sunda anu laguna meunang ngadaptasi, di antarana Rika Rafika, Neneng Fitri, jeung Bungsu Bandung.

Kamotékaran para juru kawih jeung sindén pikeun ngawangun inovasi kalintang nyugemakeunana, hususna dina ngahirupkeun lagu-lagu anu mémang geus teu dipikawanoh ku masarakat jadi suguhan pintonan anu matak ngirut ati. Kasuksésan éta, tangtuna dirojong ku kamampuh sindén jeung juru kawih anu geus masagi pangaweruhna dina seni tradisional, boh dina sénggolna, boh dina téhnik nyorana. Dina hal ieu, seni tradisional dijadikeun tatapakan saméméh mikawanoh seni modérn.

Suksésna album lagu adaptasi ngabalukarkeun lobana panyanyi dangdut anu pindah pacabakan, anu biasana ngahaleuangkeun lagu dangdut, ayeuna mah nyobaan kana lagu-lagu adaptasi téa. Hanjakalna teu dibarengan ku kamampuh anu masagi dina ngahaleuangkeun lagu kiliningan. Balukarna, lagu anu dihaleuangkeun ahéng kadanguna. Téknik anu teu nyumponan sarat pikeun ngahaleuangkeun lagu kiliningan dipaksakeun maké téknik dangdut. Balukarna lagu anu dihaleuangkeun ukur genah dihaleuangkeun, tapi teu genah dilenyepanana.

Gaya hirup anu sarwa instan ogé geus mangaruhan gedé kana kahirupan masarakat. Panyanyi dangdut anu maksakeun nyanyi lagu *Bangbung Hideung*

Dimas Patria, 2015

RUMPAKA KAWIH KILININGANGAMELAN KLASIK CICIH CANGKURILEUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mangrupa salasihiji bentuk kateusabaran seniman, lantaran sagawayah dina ngahaleuangna. Ngahaleuang ukur nyumponan *pamundut lagu* ti nu lalajo sangkan daék mere sawéran, sedengkeun dina téhnik ngahaleuangna taya tarékah pikeun ngulik leuwih jero. Lian ti éta, heureutna pangaweruh kana lagu anu dihaleuangkeun katingali ogé dina étikana nalika ngahaleuang. Lagu *Bangbung Hideung* anu ilaharna dina kiliningan dihaleuangkeun bari émok, kiwari sok diigelan kalayan maké géol dangdut. Ku ayana gambaran saperti kieu ngabalukarkeun ajén seni jadi nyirorot.

Masalah anu disanghareupan seni tradisi tangtuna lain perkara anu hampang. Perlu ayana kadariaan dina ngaréngsékeun ieu pasualan. Seni kiliningan hususna anu jadi sorotan, merlukeun perhatian anu leuwih museur utamana dina ngirut para simpatisan sindén anu ngora sangkan daék ngulik ieu kasenian. Ayana ieu pamikiran sakumaha geus dipedar saméméhna, yén Kabupatén Subang téh katelah wewengkon anu ngagelarkeun sindén-sindén kahot.

Sindén téh unsur anu kalintang pentingna dina pidangan kiliningan nu aya di Kabupatén Subang, utamana dina mapaés lagu ku sénggol-sénggolna. Istilah Sindén sorangan dipaké pikeun nyebut panyanyi atawa juru kawih dina pintonan bajidoran/jaipongan, celempungan jeung kiliningan. Istilah sindén nurutkeun Bausastra Jawa-Indonesia dina Sujana (2015, kc.14) asalna tina *sindhén* nu harti harfiahna ngahaleuang. Sebutan sindén biasana pikeun awéwé anu pancén utamana dina pidangan hiji kasenian nyaéta ngahaleuang. Peran Sindén dina hiburan rahayat salaku pangirut lantaran sindén biasana kacida sohorna di masarakat Sunda (Nugraheni, kc. 390).

Caturwati (2007, kc. 476) ngawuwuhan pamadegan istilah sindén dina kamekaran jaipongan. Salaku wanda seni, jaipongan beuki euyeub jumlahna jeung meunang rojongan anu kuat ti masarakat, nepikeun ka jadi salasihiji ciri khas pikeun Kabupatén Subang. Ku euyeubna jaipongan teu leupas tina *basa awéwé*. *Basa awéwé* bisa dipaké pikeun néwak peluang gawé kreatif dina dunya seni (Yudiaryani, kc.

Dimas Patria, 2015

RUMPAKA KAWIH KILININGANGAMELAN KLASIK CICIH CANGKURILEUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

375). Ningali kana kamekaran éta, éksisténsi sindén jaipongan salaku média hiburan di Kabupatén Subang masih kénéh dipigandrung. Tapi ku ayana inovasi lagu-lagu sindén dina organ tunggal nu teu diuwuhan ku pangaweu anu euyeb kana seni jaipongan jeung kiliningan, bakal ngabalukarkeun tumpurna éksisténsi sindén.

Salasihiji tarékah pikeun ngahirup–huripkeun kawih kiliningan nyaéta ngaliwatan pelatihan di sanggar-sanggar. Sanggar di Kabupatén Subang anu ngulik kana sindén atawa kapasindénan nyaéta Sanggar Mimin Mintarsih anu pernahna di Kampung Pasirceuri, Kelurahan Sukamelang, Kecamatan Subang. Ieu Sanggar sok dijugjug utamana ku sindén-sindén nu aya di sabudeureun Kabupatén Subang. Malahan mah sok didatangan ogé ku mahasiswa ti Institut Seni Budaya Indonesia (ISBI) Bandung sagala. Hal ieu ngabuktikeun yén peran ieu sanggar dina ngahirupkeun kawih kiliningan kacida gedéna. Ngan hanjakal antusiasme barudak ngora nu aya di lingkungan Kampung Pasirceuri katingali kurang. Hal éta dilantarankeun di ieu sanggar ukur sababaraha barudak ngora anu sok rajeun latihan kiliningan. Niténan kana hal éta, tangtu aya kaprihatinan kana Seni kawih kiliningan.

Tarékah pikeun ngirut masarakat utamana generasi ngora sangkan daék ngulik seni kiliningan kudu digencarkeun. Salasihijina nyaéta ku cara numuwuhkeun kareueus jeung kasadaran yén seni kiliningan téh mangrupa seni anu kacida éndahna, tur miboga ajén-inajén anu luhung. Lian ti éta ogé, ayana tarékah ngawanohkeun tokoh-tokoh kiliningan jeung karya-karyana bisa jadi alternatif pikeun ngirut karep generasi ngora sangkan daék ngulik seni kiliningan.

Éksisténsi sanggar kapasindénan Mimin Mintarsih bisa ditingali ku préstasi murid-muridna anu nyongcolang. Salasihiji tokoh sindén kiliningan wedalan ieu sanggar nyaéta Ibu Nunung Nurmalasari. Tina jununna diajar kana kawih kiliningan jeung pawayangan ngajadikeun anjeunna salasihiji tokoh sindén anu kakoncara teu saukur di Kabupatén Subang, tapi ogé di Jawa Barat. Anjeunna jadi pinunjul sababaraha kali dina pasanggiri kapasindénan. Salasihiji préstasi anjeunna nyaéta jadi pinunjul kahiji dina Pasanggiri Kapasindénan Piala Titim Fatimah taun 2004. Anjeunna ogé kungsi

ngahasilkeun album anu kalintang euyeubna. Album anjeunna dina degung, kiliningan, jeung sindén wayang geus loba sumebar dina wangun kasét jeung CD. Album anu kungsi medal di antarana *Jaipongan Bangbung Hideung, Satia, Cahya Sumirat, Dua Cinta Ngamuara, Sorong Dayung Kombinasi*, jeung réa-réa deui.

Salian ti Ibu Nunung Nurmalasari, aya saurang deui tokoh kapasindénan Kabupatén Subang anu geus kakoncara di Jawa Barat, nyaéta Ibu Cicih Cangkurileung (alm). Ibu Cicih Cangkurileung salaku ikon kapasindénan Kabupatén Subang, miboga ciri khas utamana dina sénggol-sénggolna. Lian ti éta, waktu jumeneng kénéh anjeunna ogé aktif dina si'ar agama Islam.

Album Ibu Cicih Cangkurileung, boh dina kiliningan, boh dina jaipongan geus sumebar di Jawa Barat. Sababaraha album anu kacatet di antarana waé *Dawah Islam, Sunda Klasik, Titip Salam, Ngiring Bingah, Gadis Subang, Reumis Janari, Béndrong Kejawén, Gara-Gara Buah Jagong, Oray Welang, Bulan Sabeulah, Ranjang Pangantén, Adumanis, Jaipongan Kacapiring II, Ngipri, Amplop Biru, Puseur Pamadegan, Éplok Céndol II*, jeung *Kliningan Anyar 2010*. Pikeun album kompilasi di antarana waé aya album *Pawéi Sindén Sohor*. Cicih ogé kungsi nyiptakeun lagu, contona dina album *Layung Konéng* kalayan juru sindénna Iis Nurléla. Album *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* mangrupa salasahiji bukti karyana dina ngahirup-huripkeun kiliningan.

Kiliningan upama disusur kana wandana mangrupa salasahiji wanda dina kawih. Istilah kawih sorangan geus kungsi disabit-sabit dina naskah *Sanghyang Siksakanda Ng Karesian* anu unina bisa dibaca ieu di handap.

Hayang nyaho di sakwéh ning kawih ma: kawih bwatuha, kawih panjang, kawih lalangan, kawih panyaraman, kawih sisi(n)diran, kawih péngpélédan, bongbong kaso, perérané, porod eurih, kawih babahanan, kawih ba(ng)barongan, kawih tangtung, kawih sasa(m)batan, kawih igel-igelan; sing watek kawih ma, paraguna tanya (Danasasmita, 1987, kc. 83).

Nilik kana sempalan naskah *Sanghyang Siksakanda Ng Karesian*, istilah kawih geus ilahar dipaké dina jaman harita. Ngan hanjakal, istilah kawih anu ditétélakeun téh teu bisa digambarkeun kumaha lagamna. Tapi nilik kana eusi naskahna, istilah kawih mangrupa sebutan anu pangheubeulna pikeun sebutan kana seni sora. Kiliningan anu aya kakiwarinakeun mangrupa bagian tina wanda kawih.

Pikeun neuleuman kawih kiliningan, bawirasa teu cukup upama nilik kana haleuangna wungkul. Hal séjén anu bisa diteuleuman nyaéta dina rumpakana. Rumpaka mangrupa hal anu kalintang pentingna, lantaran dina rumpaka, sindén bisa ngébréhkeun eusi lagu ngaliwatan basa. Neuleuman eusi rumpaka ngaliwatan haleuang tangtu leuwih ni'mat tur bisa jadi salasahiji cara pikeun ngawanohkeun kawih kiliningan.

Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung mangrupa salasahiji album kiliningan anu eusi rumpakana kacida éndahna. Éta kaéndahan téh nyampak di sakabéh lagu anu aya dina album. Dina dalapan lagu anu kapanggih, sakabéhna miboga ma'na séwang-séwangan anu hayang ditepikeun ka nu mirengkeun. Umumna, eusi rumpaka lagu anu dihaleuangkeun ngeunaan bagbagan kaagamaan.

Saenyana, antara rumpaka jeung lagam dina hiji lagu teu bisa dipisahkeun. Antara lagam jeung rumpaka aya kakaitan anu dalit pisan, di mana upama ngulik kana lagam, tangtu teu leupas tina rumpakana. Kitu deui nalika ngulik rumpaka, saupama teu dibarengan ku lagam, tangtu rasana kurang sampurna. Ku kituna, aya hiji istilah anu husus pikeun nyebut ieu hal, nyaéta *sastra lagu*.

Sastra lagu bisa dihartikeun salaku sastra anu nyampak dina lagu, nyaéta rumpaka. Wibisana (2000, kc. 263) nétélakeun ngeunaan sastra lagu anu unina yén salian ti *ajimantra*, sastra lagu aya dina wangun *kakawihan*, *sisindiran*, *sair*, jeung *guguritan* anu tuluy aya dina sastra Sunda. Lian ti éta, aya ogé wangun *lirik husus*, saluareun anu ditataan saméméhna.

Sacara gembler, rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung* loba anu ngarujuk kana lirik husus, tapi aya ogé anu wangunna dangding jeung sair. Salasahiji conto wangun rumpaka dina wangun dangding di antarana:

*Ka Allah nu Maha Agung
Urang sumujud gumusti
Sabab sadayana jalma
Damelan gusti yang widi
Mung jalma henteu rumasa
Pasti dibendon ku gusti*

(*Balébat Iman*, pada ka-1)

Dina sempalan rumpaka *Balébat Iman* katitén yén éta rumpaka diwangun ku pupuh *Kinanti*. Ieu hiji-hijina rumpaka anu diwangun ku ugeran pupuh. Ciri mandiri dina ieu rumpaka ogé nyaéta henteu dibarengan ku juru alok.

Bawirasa bisa ngaronjatkeun ajén rumpaka kiliningan dina kasusastraan Sunda, tangtuna kudu aya panalungtikan anu museur kana rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung*. Lian ti éta, masih kénéh héngkér panalungtikan ngeunaan rumpaka kawih kiliningan. Padahal, upama diteuleuman leuwih jero, loba pisan ajén-ajén anu kalintang hadéna pikeun dijadikeun pieunteungeun jeung picontoeun dina kahirupan sapopoé.

Rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung* salian ti bahasan dina sastra lagu, ogé mangrupa sastra lisan. Nurutkeun Taum (2011, kc. 21), sastra lisan nyaéta sakelompok téks anu sumebar jeung diwariskeun sacara lisan, nu sacara intrinsik ngandung sarana-sarana kasusastraan jeung miboga éfék éstétik dina kaitanna jeung kontéks moral atawa budaya sakelompok masarakat anu tangtu. Kitu deui rumpaka kawih kiliningan, sumebar kalayan diwariskeun ti nu jadi guru ka muridna ngaliwatan prosés latihan. Najan arang meunang perhatian anu husus,

Dimas Patria, 2015

RUMPAGA KAWIH KILININGANGAMELAN KLASIK CICH CANGKURILEUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rumpaka kawih kiliningan mangrupa salasahiji objék anu matak ngirut pikeun ditalungtik leuwih teleb.

Ngaronjatna ajén rumpaka kiliningan hususna dina ambahan sastra dipiharep bakal mawa parobahan. Éta parobahan téh hususna dina éksisténsi kawih kiliningan salaku kabeungahran seni Sunda di Jawa Barat, atuh hususna di Kabupatén Subang. Dipiharep, kahareupna kawih kiliningan bisa jadi référénsi pikeun jadi salasahiji alternatif pikeun bahan pangajaran sastra lagu, utamana dina pangajaran kawih di sakola-sakola. Onjoyna dina ieu rumpaka, lian ti alus eusina, ogé bisa ngangkat kaarifan lokal sastra lisan hususna kawih kiliningan jadi kareueus Kabupatén Subang.

Dina *Repository UPI*, kacatet sababaraha panalungtikan kawih, di antarana “Rumpaka Kawih Wanda Pop Sunda Karya Doel Sumbang: Ulikan Struktural Sémiotik jeung Ajén Moral” panalungtikan Niknik Dewi Pramanik (2013), “Wangun jeung Hubungan Semantis Antarklausa Kalimah Ngantét dina Rumpaka Kawih Sunda” panalungtikan Jajat (2012). Di Departemén Pendidikan Bahasa Daérah umumna loba nu nalungtik perkara tembang. Anapon panalungtikan anu geus dilaksanakeun di antarana “Istilah dina Tembang Sunda Cianjuran” panalungtikan Wildan Fisabililhaq (2010), “Ajén Éstétika dina Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran pikeun Bahan Pangajaran Siswa SMA Kelas XI” panalungtikan Kresna Pragita Sujiwa (2011), ”Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran dina Wanda Rarancangan Karya Mang Bakang pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA” panalungtikan Dyna Islami (2011), “Tradisi jeung Inovasi dina Cianjuran (Tilikan Struktural kana Sekar Anyar)” panalungtikan Tesis Dian Hendrayana (2011), “Tilikan Struktural jeung Sémiotik kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA” panalungtikan Dimas Patria (2012), jeung “Kajian Struktur jeung Sémiotik kana Rumpaka Panambih Sanggian Mang Engkos pikeun Bahan Pangajaran Rumpaka Kawih di SMA” panalungtikan Nevia Dwi Putri Junaedi (2015). Tacan kapaluruh ayana panalungtikan pikeun kawih

Dimas Patria, 2015

RUMPAKA KAWIH KILININGANGAMELAN KLASIK CICIH CANGKURILEUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

wanda kiliningan, boh dina *Repository UPI*, boh di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah. Ku kituna, ieu panalungtikan baris dilaksanakeun kalayan dijudulan “Rumpaka Kawih Kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung* (Tilikan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogik)”.

1.2 Rumusan Masalah

Pikeun medar rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung*, tangtu loba carana, boh dina métodena boh dina tilikanana. Sangkan ambahan ieu panalungtikan teu lega teuing, perlu ayana rumusan masalah sangkan leuwih museur dina panalungtikanana. Anapon rumusan masalah ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung*?
- 2) Kumaha rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung* dumasar tilikan sémiotik?
- 3) Kumaha rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung* dumasar tilikan étnopédagogik?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sakumna panalungtikan, tangtu miboga tujuan anu nyoko kana élmu pangaweruh. Ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon pedaranana bisa katitén ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh ma’na rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung* ngaliwatan tilikan struktural sémiotik jeung étnopédagogik. Salaku kabeungharan kasenian, rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung* mangrupa hasil kréativitas

Dimas Patria, 2015

RUMPAKA KAWIH KILININGANGAMELAN KLASIK CICH CANGKURILEUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

seniman anu kudu diteleban maksud jeung eusina. Ku kituna, penting pikeun neleban jeung neuleuman hasil karya seniman pikeun pangaweruh masarakat, boh masarakat umum, boh masarakat akademis.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga maksud jeung tujuan pikeun ngadéskrupsikeun tilu hal.

- 1) struktur rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung*;
- 2) rumpaka kawih kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* dumasar tilikan sémiotik; jeung
- 3) rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* dumasar tilikan étnopédagogik.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu kudu aya mangpaatna, utamana pikeun balaréa. Ku kituna, ayana ieu panalungtikan bisa méré mangpaat. Anapon mangpaat ieu panalungtikan bisa ditingali tina dua sisi, nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara teoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat nambahan kaweruh utamana dina widang sastra, hususna sastra lagu jeung sastra lisan. Ieu panalungtikan bisa jadi tatapakan pikeun rumpaka kawih kiliningan anu séjénna. Lian ti éta, sabada dilaksanakeun panalungtikan dipiharep bisa jadi tiori pikeun panalungtikan satuluyna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan di antarana:

1) Pikeun nu nalungtik

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik leuwih teleb mikanyaho kana kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cich Cangkurileung* anu mangrupa bagian tina sastra lagu jeung sastra lisan. Lian ti éta, pikeun numuwuhkeun deui karep pikeun neuleuman eusi rumpaka pikeun jadi picontoeun jeung pieunteungeun. Atuh satuluyna dipiharep bisa numuwuhkeun karesep kana seni kapasindénan hususna dina wanda kiliningan.

2) Pikeun Masarakat

Ieu panalungtikan tangtu bakal nambahan invéntarisir seni jeung budaya nu aya di masarakat ditilik dina jihad sastra. Pangaweruh masarakat kana rumpaka dipiharep bisa jadi tatapakan pikeun pangaweruh, utamana pikeun picontoeun jeung pieunteungeun dina kahirupan. Lian ti éta, ieu bisa jadi salasihiji tarékah sangkan seni jeung budaya tradisional teu nungtutan tumpur.

3) Pikeun Lembaga

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan karya tulis ngeunaan sastra lagu jeung sastra lisan. Atuh lian ti éta, bisa jadi tatapakan satuluyna pikeun panalungtikan kahareupna.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil ieu panalungtikan disusun dina karya tulis ngawengku lima bab. Anapon Sistematika bisa katitén ieu di handap.

BAB I BUBUKA

Dimas Patria, 2015

RUMPAKA KAWIH KILININGANGAMELAN KLASIK CICH CANGKURILEUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina ieu bab dipedar kalayan jéntré ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung husus panalungtikan, mangpaat anu hayang dihontal ku ayana ieu panalungtikan, boh sacara tinulis boh sacara praktis, jeung raraga nulis anu jadi dasar struktur panulisan dina ieu panalungtikan.

BAB II ULIKAN PUSTAKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan sajumlahing tiori jeung konsép anu bakal dipaké pikeun medar jeung mesék rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Kalsik Cicih Cangkurileung*. Éta konsép téh sumberna tina buku jeung bacaan séjén anu luyu jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar naon ari sastra, boh sastra lagu boh sastra lisan, kawih, naon anu dimaksud strukturalisme jeung struktur dina puisi, sémiotik (pancacuriga) sakumaha pamanggih para ahli dina éta widang, jeung étnopédagogik pikeun medar data panalungtikan.

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sangkan kagambar jalur panalungtikan anu baris dilaksanakeun, data jeung sumber data dina ieu panalungtikan, cara ngumpukeun data anu ngawengku instrumén panalungtikan, jeung analisis data sarta kumaha prosedur atawa léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar perkara hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung rumusan masalah ogé kajian pustaka di bab II. Kalayan jéntré bakal dipedar data naon waé anu kapanggih dina tilikan struktur rumpaka kawih kiliningan. Satuluyna didadarkeun ogé data dina tilikan sémiotik rumpaka (pancacuriga) anu satuluyna diguar ogé perkara ajén étnopédagogik anu nyampak dina rumpaka. Ku cara dianalisis sacara gemet, bakal kaguar ma'na-ma'na dina rumpaka anu ngagambarkeun ajén kahirupan urang Sunda dina kawih kiliningan.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar kacindekkan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta ditepikeun ogé sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan, pangpangna ngeunaan rékomendasi naon baé anu kudu dilaksanakeun kahareupna saréngsena dilaksanakeun panalungtikan. Teu tinggaleun, dina ieu bab ogé dipedar implikasi panalungtikan. Kakurangan panalungtikan ditepikeun sangkan bisa jadi rujukan dina panalungtikan anu dilaksanakeun kahareupna.